Сол ўақытлары қара атқа тил питип, өзиниң Қарасай батырға қарап айтқан узыннан-шубай монологын баслайды. «Айналайын Қарасай, Ҳасылың нурдан жараған, Ер Орақтың баласы-ай» деп басланатуғын аттың монологы 66 шуўмақтан турады. Бул көркем монологта да Қулаша аттың монологындағы сыяқлы Қара ат өзиниң Орақ батырдың исенимли жаўынгер досты болғанын баянлайды. Орақ батырдың өзин қалай қәдирлеп-қәстерлегенин жыр етеди. Екеўиниң жаўға шаўып талай жеңиске жеткенин жыр ете келип «Алдымнан қара кетпеди, Артымнан қара жетпеди» деп оғада жүйрик болғанлығын образлы түрде сүўретлейди. Бирақ, Қара ат Қулаша сыяқлы қартайып күш-қуўаты кеткенликтен миниўге жарамай турған жоқ. Ол Орақ батыр өлген соң ким көринген минип, «кәдирин ҳеш ким билмей», күтим көрмей, «Буўра тартар ҳалы жоқ» болып қалғанын айтып, Қарасайдан өзин минбеўин өтинеди.

Жаў ишинде қаласаң
Мени минсең Қарасай,
- деп ескертеди.

51 куплеттен туратуғын Қулаша аттың монологы менен Қара аттың монологы мазмуны жағынан жүдә уқсас - екеўинде де тулпарлар өзлериниң бир гезлери аўзы менен қус алған жүдә жүйрик болғанын, минген батырлардың жан жолдасы, жаўынгер жолдасы болғанын мақтаныш етеди. Еки тулпар да батырлардан өзлерин минбеўин өтинеди.

**Жуўмақ.** Жоқарыда сөз болған эпосларда аттың адамға уқсаўы процесин (адам сыяқлы сөйлеўи, толғаныўы, қайғырыўы, өтиниўи ҳәм т.б.) ғана емес, сондай-ақ, атлардың белгили бир мораллық позициялары, этикалық, жүрис-турыслық түсиниклери бар екенлигин көриўге болады. Атлардың өзлерин минетуғын батырларды жаў ишинде қалдырып кетпеўи, қара ат ҳәтте, ийеси Орақ батырдың изинен өзи де өлиўи, Қарасай батыр қабан қулақ Қара аттың тилегин орынлап, оны сойыўы, буған мысал бола алады.

Туўынды архаикалық эпосларда да әййемги эпосларда ушырасатуғын ат функциялары, сыйқырлы, кәўендерлик, қоллап-қуўатлаўшылық, жол көрсетиўшилик қәсийетлери сақланып қалған. Бирақ, булардың бәри соңғы дәўирдиң түсиниклерине ийкемлестирип, өзгертилген, логикалық сәйкесликлерден айырылғанлығын көриўимизге болады.

**Әдебиятлар**

1. Гацак В. Предисловие. // Типология народного эпоса. –Москва: «Наука», 1975.
2. Буслаев Ф. Сравнительное изучение народного быта и поэзии. // «Русский Вестник», 1872, октябрь.
3. Ыбыраев Ш. Эпос әлеми. Қазақ батырлық жырларының поэтикасы. –Алматы: «Ғылым», 1993.
4. Батырлар жыры. 3-том. –Алматы: «Жазушы», 1964.
5. Досмухамедулы Х. Аламан. –Алматы: «Ана тили», 1991.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада ҳосилавий архаик достонларнинг хусусиятлари муҳокама қилинади. Улар қаҳрамонлик достонларида от образи тимсоли элементларини ўз ичига олган. Архаик мотивларнинг кўплиги сақланиб қолганига қарамай, улардаги от образи қадимги достонлардаги каби индивидуал, мустақил характер даражасига кўтарила олмайди ва бу достонларда фантастик, архаик-мифологик мотивлар кейинги давр тушунчалари нуқтаи назаридан қайта кўриб чиқилиб, қайта ишланганлиги айтилади.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье речь идет об особенностях производных архаических эпосов. В них вошли элементы воплощения образа лощади в героических эпосах. Несмотря на большое количество сохранившихся архаичных мотивов, образ лощади в них не поднимается в ранг индивидуального, независимого персонажа, как в древних эпосах, и в этих эпосах говорится, что фантастические, архаично-мифологические мотивы пересмотрены и переработаны с точки зрения понятий поздней эпохи.

**SUMMARY.** This article deals with the features of derived archaic epics. They included elements of the embodiment of the image of a horse in heroic epics. Despite the large number of preserved archaic motifs, the image of a horse in them does not rise to the rank of an individual, independent character, as in ancient epics, and these epics say that fantastic, archaic-mythological motifs are revised and revised in terms of concepts of the late era.

## ҚАЗАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДАҒЫ ӘЙЙЕМГИ МОТИВЛЕР

**Ж.Т.Қобланов –** *филология илимлериниң кандидаты, профессор*
*Есенов атындағы Каспий Технология ҳәм инженерлик университети*
*Қазақстан Республикасы, Ақтаў*
**Т.А.Торткулбаева –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** антик давр, афсонавий мотив, мифология, фольклор, эътиқод, онг, характер, қаҳрамон.

**Ключевые слова:** античность, мифический мотив, мифология, фольклор, убеждения, вера, сознание, характер, герой.

**Key words:** antiquity, mythical motif, mythology, folklore, beliefs, faith, consciousness, character, hero.

**Кирисиў.** Көп әсирлер даўамында қазақ үлкеси сиясий, социаллық, мәдений ҳәм әдебий байланыслар мәканы болып келген. Әййемги заманларда мәмлекеттиң шегарасы ҳәзиргидей болмаған, соның ушын да әййемги адамлардың билим ҳәм түсиниклери де жеке бир халықтың баҳалы мүлки болған руўхый дүньясы болмаған.

Тарийхый-мәдений байланыслардың нәтийжесинде әййемги сюжетлер менен образлар бир елден екинши елдиң шығармаларына кирген. Әлбетте, бүгинги күни

әййемги түсиниклер грек, қазақ ҳәм басқа да халықларға ортақ болғаны сөзсиз.

**Тийкарғы бөлим.** Европадағы жазба әдебияттың дәслепки үлгиси әййемги Грецияда пайда болыуы, бизиң эрамызға шекемги III әсирде Рим мәдениятының қәлиплесип, раўажланыўына тийкар болды. Әййемги халықлардың мәденияты менен әдебиятын «антик» атамасына байланыстырып қарайтуғын болсақ «Антика» (antigus) сөзи латын тилинен аўдарылғанда "әййемги," "ески" деген мәнилерди аңлатады.

Әййемги Рим ҳәм Грек әдебияты антик әдебиятқа тийисли. Деген менен, әййемги естеликлердиң көпшилиги сақланбаған, сақланып қалғанларының арасында бизиң дәўиримизге толық жетип келгени жүдә аз. Грек әдебиятының әййемги версияларынан бизиң дәўиримизге Эсхил, Софокл, Еврипид ҳәм Аристофан шығармалары жетип келген.

Әййемги дәўирдеги грек жазыўшылары мифологиялық характерди қаҳарманлық пенен адамгершиликти улығлаў, танысыў мақсетинде өз шығармаларына тийкар етти. Эсхилдиң «Орест» трилогиясы, «Шынжырланған Прометей» трагедиясы, Софоклдиң «Эдип патша», «Антигона», «Электра» трагедиялары, Еврипидтиң «Ипполит», «Медея» трагедиялары буның дәлили деп айтыўға болады. Мифологиялық мотив, мифологиялық көзқарас грек классик әдебиятының ең баслы сыпаты, ең әҳмийетли белгиси болып есапланады.

Антик дәўирлерден әййемги түркий жазба әдебий естеликлердеги мифлик мотивлерди VII-VIII әсирлердиң баҳалы гәзийнеси болғанын Орхон жазба естеликлеринен көремиз. Бул әдебий мийраслар әййемги түрк қағанлығы тарийхы, экономикалық, сиясий ҳәм социаллық шараяты менен бирге, қағанлық қурамындағы руў-қәўимлердиң исениминен, улыўма алғанда, түркий мифологиядан баҳалы мағлыўмат береди.

Бизге белгили, антик әдебият дегенде илимде грек, рим әдебиятын таныў қәлиплескен. Бундай түсиниклерден ең әййемги, дәслепки әдебият деген түсиниклер жүзеге келиўи керек емес. Себеби, ең әййемги, дәслепки әдебият Бобил, Мысыр ҳәм әййемги Шығыс әдебиятында да бар екенлиги мәлим.

Әййемги дәўирдеги грек-рим әдебияты буған шекемги Бобил ҳәм Мысыр әдебиятының алдыңғы үлгилеринен, жетискенликлеринен пайдаланып, өз әдебиятына сиңдирип отырғаны анық. Бул халықлардың дәслепки әдебий естеликлериндеги мотив, сюжет, образлардың басқа да еллерге ортақ болғанлығы дәлилленген.

Антик әдебиятты Грек-Рим әдебияты менен байланыстырған болса да, Шығыс еллериндеги цивилизация ҳәм мәдениаттың бас бесиги болғанлығы белгили. Грек-Рим әдебиятының жергиликли үлгилери көп сақланып қалған ҳәм бүгинги күнге шекем дүнья әдебиятында сийрек ушырасатуғын, қайталанбас әдебият болып есапланады. Әййемги грек шайыры Гомердиң «Илиада» ҳәм «Одиссея» поэмалары буны дәлиллейди [1:11]. Бүгинги күнге шекем халқымыздың фольклорлық санасында сақланған антик әдебиятқа сәйкес мотивлерге изертлеўлер жүргизилгени менен, елеге шекем сырлы түрде, толық үйренилмеген тәреплери баршылық.

Миф – әййемги жәмийетлик сананың тийкарғы формасы сыпатында, дин, сиясат, көркем өнер, әдеп-икрамлылық сыяқлы қубылыслардың белгилерин өзинде сақлайды. Мифлерде тәбият ҳәм инсанның бирлиги, өзин қоршап турған орталықтың анық антропоморфизациясы, тәбияттағы зат ҳәм қубылыслардың адам сыяқлы руўхы, сезимлери, пикирлери бар екенлиги ҳаққында түсиниклер орын алған.

Миф – анық бир тарийхый ўақытта, белгили бир географиялық кеңисликте, анық бир сиясий-мәдений, социаллық, шаруашылық шараятында жасап атырған адамзат жәмийетиниң, сол орталық ҳаққында, оның қалай, неге пайда болғанлығы, оның не себепли пайда болғанлығы, инсанға тәсир етиўши сыртқы ҳәм ишки күшлери ҳаққында, бул жәмийеттиң әтираптағы орны, дәрежеси ҳаққындағы түсиниклердиң жыйынтығы» [2:21]. Яғный, миф – әййемги жәмийетлик турмыста жасаған адамлардың дүнья, тәбият ҳаққындағы билимлериниң көриниси. Илимде мифке, мифологияға берилген анықламалар көп ҳәм жүдә кең.

Қазақ халық аўызеки әдебиятындағы мифлик жанрлар ҳаққында фольклортаныўшы алым С.Қасқабасов: «Стадиялық көзқарастан қарағанда, қазақ мифи – әййемги жәмийетке ҳәм австралиялылар менен африкалылардың, түслик азиялылар менен Америка халықларының әййемги мифи ҳәм әййемги Греция, Рим мифлериниң арасындағы аралық жанр» – деп түсиндиреди [3:238].

Мифлер, қазақ илимпазларының изертлеўлеринде жетерли дәрежеде көп үйренилген. Олар дәслепки қазақ алымы Шоқан Шыңғыс улы Уәлийхановтан баслап, Ә.Қоңыратбаев, Ә.Марғулан, Е.Турсынов, Р.Бердибаев, О.Сулейменов сыяқлы изертлеўши алымлар саналады.

Ахмет Байтурсыновтың пикиринше: мифлер – ең алды менен тәбиятта жүз берип атырған ҳәр түрли өзгерислердиң (самал, даўыл, гүлдирмама, күн тутылыўы, қуйын ҳәм т.б.) ҳәр қайсысының тасасында соны ислеўши ийеси бар деп түсинген әййемги адамзаттың тәбият қубылысын танымаған ҳалда шығарған ертеклери, ертек сыяқлы гүрриңлери.

Тәбияттағы қубылыслардың ийеси (күн, таў, самал, суў, көл ийеси т.б.) болады деп ойлаған әййемги мифлерди фольклортаныўшы-алым С.Қасқабасов дәслепки жәмийетте пайда болған руўх-ийелик ески мифлерге жатқарады. Әййемги исенимлерге тийкарланған фольклордың гейпара дәслепки жанрлары мифлик исеним ҳәм түсиниклер тийкарында пайда болған.

Әййемги грек әдебияты динниң раўажланыў дәрежесиниң ең бир шоққысындағы мифологияға жүдә жақын келеди. Жәмийеттиң кешиккен, раўажланыўдың артта қалған басқышындағы ески антроморфлық политеизм (адам минези менен келбетине сәйкес көп динлер) барысында шексиз мифлик ҳәм қудайлар ҳаққында дөретиўшиликке айқын еркинлик берген дәўирге жүгинеди.

Тәбиятты жоқары қойыў, ҳүрмет көрсетиў әййемги түркий халықлары мифлеринде әҳмийетли орын алады. Шоқан Уәлийханов шаманизм ҳаққында сөз ете отырып, оның пайда болыўы тәбиятқа жеке ҳәм улыўма сыйыныў менен байланыслы дейди. Тәбияттағы қубылыс пенен затлардың барлығы адамзат сыяқлы тиришилик етеди, өмир сүреди деген түсиниктиң өзи руўх пенен тәбиятты тең деп түсиниў исеними менен туўылған. Әййемги түркий мифологиясының тағы бир өзгешелиги – әрўаққа, руўхқа сыйыныў, олардан жәрдем күтиў, мәдет тилеў. Әййемги түркий халықлардың муқаддес шаңырағындағы қазақлардың руўхқа, әрўаққа сыйыныў, табыныў исеними ҳаққында Шоқан Шыңғыс улы «Тәңири» (Кудай), «Қазақлардағы шаманизмниң қалдығы» мийнетинде сөз етеди. «Әрўақ – ата-баба руўхы, басқа қыйын-қыстаў ис түскенде, жан қыйналғанда: «Әрўақ, қоллай гөр, қолтығымнан демей гөр» деп айтады… Әрўақлардың руўхы бар деп, әййемги жерлерди баспайды» [4:59]. Шоқан әрўақлар қудиретли тилсим күш ийелери сыпатында тирилерге жәрдемлеседи деген исеним тийкарында оларға бағышлап қурбанлық шалынатуғынлығына өзгеше тоқталады. Күшлилер менен уллылар о дүньяға атланғаннан кейин қудиретли, қәсийетли әрўаққа айланады. Мәселен, Баба Түкли Әзиз – көзи тирисинде қәсийетли, кийели әўлийе сыпатында жасаған. Әрўақларға табыныў әййемги саклар жасаған дәўирде пайда болып, қәлиплескен исеним. «Жерлеў үскенелерине қарағанда, әййемги сакларда ата-баба руўхына, әрўағына, руўлық-шаңарақ ағзаларына, әўлийелерге сыйыныў дәстүрлери болған». Әрўақтың қәҳәринен қорқыў, оларды ҳүрмет етиў бүгинги күнге шекем сақланып қалған исеним.

"Адам ишки руўхый пазыйлетлерин анық таныў ушын өз әтирапын руўхландырып, сол арқалы өзин билиў ҳәм таныўға жол ашқан. Буны илимде антропоморфизм деп атаймыз. Антропоморфизм (грекше, - "түр, форма" ҳәм "адам" деген мәнислерди билдиретуғин сөзлерден алынған) өсимликлер ҳәм ҳайўанатларға ҳәм де тәбияттың басқа да түрли қубылысларына адам сыпатлары менен минези тән деп түсинетуғын ески заманнан бери киятырған түсиник. «Антропоморфизм» дегенимиз мифология раўажланыўының ең кейинги дәрежеси болып саналады. Әййемги, дәслепки дәрежеси – зооморфизм (бунда адамлар өзиниң ата тегин жаныўарлардан, ҳайўанатлардан таратқан). Ярым ҳайўан, ярым адам көринисиндеги қубылыслардың көркем образға айланыўында гнесеологиялық мәнис, мазмун бар. Кентавр, төбекөз (циклоп), суў периси (русалка) усыған дәлил бола алады.

«Сана болмысы» атлы мийнетинде Ғарифолла Есим: «Кудайлардың бундай дизими ўақыттың өтиўи менен, қоңсылас жатқан еллердиң культлары ҳәм мифлердиң тәбиятынан көбейе береди ҳәм олардың усы түс-турпаты, атрибутлары менен атлары, белгилери, атқаратуғын анық хызметлери, орын өзгешелиги менен жәмийетлик социаллық силкиниўден өзгериске ушырап отырады», - деп бул мәселе ҳаққында өз пикирлерин билдирди [4:31].

Қаҳарманлар қатарының жүдә бийикте көриниўи, мифлердиң сюжети ҳәм усы көринистиң сол түринде қалыўына ақсүйеклер, басшы ўәкиллери барынша қоллап-қуўатлады.

«Аз ғана раўажланған бундай мифологияда әййемги әўлад – тәңрилер, яғный, қудайлар, оннан кейинги әўлад – алплар (албаслылар, иргежейлилер), соңғы әўлад – адамлар» деп Серикбол Қондыбай «Гиперборея: түс көрген заман шежиреси» деген китабында айрықша атап өтеди.

«Улыўма усындай дүньялық мифологиядағы «әўладлар» байланысы былай келтириледи:

Биринши әўлад – тәңрилер, яғный, қудайлар әўлады. Буны «Түп - ана» дәўири (басқышы) деп атайды. Олар әдетте, бир ямаса еки тири бендеден тарайды.

Екинши әийемги әўлад - «аралық яки орта әўлад» - иргежейлилер, қубыжықлар, алплар ҳәм тағы да басқа сол сыяқлылардың әўладлары. Усы әўладтың баянлаўы турақсыз, себеби алплар гейпара әййемги мифлерде қудайлардың қатарына қосылғаны менен, қудайлардың базы биреўлери сол «аралық яки орта әўладқа» киреди.

Үшинши яки соңғы әўлад – адамлар болып саналады.

Гесиодтың ямаса Гомердиң дәстанларындағы қудайлар дүньяны жаратыўшы емес, олардың өзлери де адамзат сыяқлы түрде деп көрсетиледи. Греклердиң әййемги натурфилософлары әййемги мифологияға жүгиниў нәтийжесинде өзлериниң космогониялық теорияларын ойлап шығарады. Натурфилософлардың түсиниклерине жүгинсек қозғалыс, материя менен кеңисликти мифологияда Эрос (муҳаббат), Гея (жер) ҳәм Хаос жаратқан деп келтиреди.

**Жуўмақ.** Қазақ халқының әййемги әдебияты ҳәм әдебий естеликлерин үйрениўде улыўма жуўмақлар бар болса да, оның дереги Шығыста, қазақ халқының әййемги әдебий усылларында екенлиги ҳаққындағы жуўмақлар толық анықланбағаны бизге белгили. Қазақ әдебиятының бай мийрасында әййемги мотивлер көп ушырасады, олар антик мотивлер менен бирдей образ ҳәм сюжет динамикасына ийе.

Солай етип, әдебий системамыздағы мифлик тараўдағы изертлеўлер, бир жағынан алып қарағанда, сол фольклорлық әдебият үлгилери менен тығыз байланыслы болса, екинши тәрепинен, буның астарында көп сырлардың жасырынып жатқанлығын, оның түпкиликли изертлеў пайытында ғана ашылатуғынлығын аңлаймыз.

**Әдебиятлар**

1. Қобланов Ж. Антикалық әдебиет. – Алматы: «Nur-Press», 2018.
2. Қондыбай С. Арғықазақ мифологиясы.1-кітап. – Алматы: «Арыс», 2008.
3. Қасқабасов С. Жаназық. – Астана: «Аударма», 2002.
4. Есімов Ғ. Сана болмысы. 10-кітап. – Алматы: Қазақ университеті, 2007.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада мифларнинг когнитив табиати ва уларнинг таснифи контекстида билдирилган фикрлар таҳлил қилинади ва муҳокама қилинади. Кўриниб турибдики, антик давр маданияти ва адабиёти инсоният жамиятида алоҳида ўрин тутади. Мақолада антик давр ҳақида умумий маълумот берилган ва унинг қозоқ адабиётидаги ўрни тушунтирилган. Шарқ халқлари меросида қадимий нақшларнинг кўп учраганлиги долзарб асарлардан келтирилган ва муҳокама қилинган. Қозоқ халқининг қадимий адабиёти ва адабий ёдгорликларини ўрганишда умумий хулосалар мавжуд бўлса-да, унинг манбаи Шарқда, қозоқ халқининг қадимги адабий анъаналарида эканлиги ҳақидаги хулоса тўлиқ ишлаб чиқилмагани маълум.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются и рассматриваются мнения, высказанные в контексте познавательной природы мифов и их классификации. Понятно, что культура и литература древности занимают особое место в человеческом обществе. В статье дается общий обзор античности и объясняется ее место в казахской литературе. Тот факт, что античные мотивы в изобилии встречаются в наследии восточных народов, представлен и обсуждается из реальных произведений. Хотя в исследованиях древней литературы и литературных памятников казахского народа есть общие выводы, известно, что вывод о том, что ее исток находится на Востоке, в древних литературных традициях казахского народа, до конца не разработан.

**SUMMARY.** The article analyzes and examines the opinions expressed in the context of the cognitive nature of myths and their classification. It is clear that the culture and literature of antiquity occupy a special place in human society. The article provides a general overview of antiquity and explains its place in Kazakh literature. The fact that ancient motifs are found in abundance in the heritage of the Eastern peoples is presented and discussed from real works. Although there are general conclusions in the studies of ancient literature and literary monuments of the Kazakh people, it is known that the conclusion that its source is in the East, in the ancient literary traditions of the Kazakh people, has not been fully developed.

**УДК: 821.51**

# АЙТЫС ЖАНРЫНДА ИМПРОВИЗАЦИЯ ҚУБЫЛЫСЫ

**К.Г.Матимов –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, саънат, импровизация, импровизатор, шоир.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, поэт.
**Key words:** literature, folklore, improvisation, improviser, poet.

**Кирисиў.** Қарақалпақ фольклорында айтыс еки тәрептиң бир-бири менен сөз жарысына түсиўи болып табылады. Айтыс жанрында руў-қәўим, халық, миллетлердиң өзине тән этнографиялық өзгешеликлери, жетискенликлери гейде ерси көринген ис-ҳәрекетлери сөз етиледи. Айтысқа түскен шайыр өз қәўиминиң, халқының мәплерин қорғайды, миллий көркемлик дүньясын, қәдириятларын, салт-дәстүрлери, жасаў шараятларын, социал-экономикалық турмысын, бийлер, байлар ҳәм батыр жигитлерин, гөззал, сулыў қызларын көклерге көтермелеп мақтайды.

Айтыс импровизациялық уқыпты талап етеди, бундай талант болмаса айтысқа түсе алмайды. Импровизатор шайыр жазып отырмай-ақ, турған жеринде шығарманы яки қосық текстин ядтан шығара береди. Импровизациялық қәсийет, әсиресе, айтыс жанрында әдебий қубылыс болып, бундай талантқа ийе болған дөретиўши тулғаны халық тилинде төкпе шайыр деп атаған. Импровизациялық усыл ертедеги халық аўызеки дөретиўшилигинен саға алып, бүгинги дәўирге шекем жазба әдебиятта да, ал ҳәзирги дәўирдеги өмир сүрип атырған көркем аўызеки әдебиятымызда да даўам етип киятыр.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Әдебиятшы алым К.Алламбергеновтың көрсетиўинше «…айтыс жанрының импровизация дәстүрине тийкарланғанлығынан көринеди. Себеби, төкпе, суўырып салыў талант пенен шын жүректен қуйылып шыққан жыр, қосық халықтың кеўлине қонымлы болып келеди, халық бундай қосықларды умытпастан узақ ўақыт ядында сақлайды» [2:17].

Қарақалпақ әдебиятында ҳәм фольклорында импровизация дәстүри ерте заманлардан киятырған әдебий қубылыс болып, бул ҳаққында дәслепки пикир айтқан алымлардан Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергеновларды айрықша атап өтсек болады. [4,1,8,9,10,11,12,2].

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде импровизациялық қубылысты биринши рет Н.Дәўқараев өзиниң илимий мийнетлеринде халықтың көркем аўызеки дөретиўшилигинде оның, әсиресе, айтыс жанрында ҳәм жыраў-шайырлар, бақсылар, шешенлер дөретиўшилигинде бар екенлигин атап өтеди [4:96]. Бирақ, халық тилинде импровизациялық көркем әдебий қубылыс «төкпе шайыр», «ақпа шайыр» деп атап келинген. Мине, усы халықлық термин менен Н.Дәўқараев: «…Соппаслы Сыпыра жыраў, Жийренше шешен, Жийен жыраў, Нурабылла сыяқлы жыраў-шайырлар, бақсылар ҳәм Тыным қатын, Қулымбет, Атамурат, Қыдырнияз, Есенгелди сыяқлы ақпа шайырлар болған» [4:97] деп атап өтеди. Демек, импровизациялық көркем әдебий қубылысқа ийе болған шайыр яки жыраў, ол бақсы яки шешен болсын ҳәзир жуўабый талантлы адамды ақпа шайыр деген атама менен жүриткен. Ал, қазақ әдебиятында бундай талантқа ийе болған адамды ақын деп атаған. Бундай көзқарас белгили қазақ жазыўшысы С.Муханов «Айтыс және ақын» мақаласында «қазақтың аўызеки халық дөретиўшилигинде ақынлық атақ тек айтыста ғана табылады, көпшилик алдында тосаттан бирден сөз таўып өз ойын өткирлеп айта билген, екинши ақын менен айтыстың бәйги атындай озып шыққанлары ғана